

Chè Paran oswa Gadyen:

Dènyeman, nou jwenn yon grenn pinèz nan lekòl pitit ou a. Pinèz se yon anmèdman, men pa gen anyen ki fè konnen pinèz koze maladi oswa pwopaje maladi. Anjeneral, yo aktif nan nuit epi se san yo souse pou nourri tèt yo. Lè yo fèk mode w, li pa fè mal; men kote a ka vin anfle epi grate w, menmjan ak lè yon moustik mòde w. Si w gen enkyetid pou oumenm oswa pou pitit ou a, ou sipoze rele doktè w.

Souvan, yo pa ka detèmine sous pinèz; etandone ou ka jwenn yo nan divès kote tankou otèl, avyon, otobis, lopital, magazen, ak sal sinema. Pinèz la yo jwenn lan pa vle di bilding lekòl nou an enfeste. Jeneralman se moun ki nan bilding lan ki pote pinèz nan lekòl la san yo pa konnen, donk pou rezon sa a, nou kapab jwenn lòt pinèz.

Byenke li pa fasil pou pinèz fè pitit ak pwopaje nan lekòl, Depatman Edikasyon ap kontinye travay pou idantifye bèt nuizib, pou fè enspeksyon global lekòl ak fè espesyalis kontwòl bèt nuizib trete sal yo jan sa apwopriye.

Si w gen pinèz lakay ou, nou rekòmande w toutbon pou chèche èd pwofesyonèl nan men yon konpayi kontwòl bèt nuizib ki kalifye pou sa.

Pou jwenn plis asistans pou prevansyon kont pinèz, tanpri tcheke:

- Tiliv Depatman Sante Vil Nouyòk la “Preventing and Getting Rid of Bed Bugs Safely”:
<http://www.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/vector/bed-bug-guide.pdf>
- Sit wèb Depatman Sante sou Siveyans Pwopagasyon ak Kontwòl pinèz:
<http://www.nyc.gov/html/doh/html/vector/vector-faq1.shtml>
- Sit wèb enfòmasyon U.S. Environmental Protection Agency (EPA) sou pinèz:
<http://www.epa.gov/bedbugs/>

Si w gen nenpòt kensyon konsènan pinèz, tanpri rele 311 pou plis èd.

Avèk senserite,

Direktè